Per . uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 130.

JOGJA SASTRA

JAIKOE

Patokan panoelisé basa Djawa ing aksara Welanda,

KAWETOKAKÉ DÉNING

COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR

kang woes moepakat kelawan toean
L. G. BERTSCH, M. DWIDJA SÉWAJA,
M. NIRMAN, P. PENNINGA LAN
R. TIRTADANOEDJA.

rpustakaan Nasional RI
B: - 484
No.130
1913

ing pangetjapané toean
& Co. — Betawi — 1913.

B: -
484
no. 130
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B:-
484
no.130
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B. 484
no 130
1913
Kp 86.240

BEBOEKANÉ

BASA DJAWA DITOELIS NGANGGO AKSARA WELANDA.

Wong ikoe sidji lan sidjiné paḍa preloe mratélakaké (nglahiraké) apa kang dadi tjiptaning atiné. Kang di-enggo serana, kedjaba *solah-tingkah,* ia ikoe *basané.* Basa maoe toemrapé sidji-sidjining bangsa paḍa béda-béda.

Basa ikoe awoedjoed tetemboengan, kang oega béda-béda toemrapé sidji-sidjining basa. Temboengtemboengé basa ikoe enggoné ngoetjapaké ana oeroeé ḍéwé-ḍéwé, sarta di-owahi saṭiṭik- saṭiṭik manoet pa karepé kang bakal dilahiraké.

Temboeng asalé saka *oenèn-oenèn;* déné oenènenèn ikoe kena dikoempoelaké dadi temboeng roea-roepa. Saka kèhé oenèn-oenèn, manoengsa bisa wé tetemboengan tanpa wilangan, nanging ing si-sidjining basa temboeng sing kanggo wis pinantji pesṭèkaké).

Wong kang omahé tjeḍak baé, jèn ana preloené pabisa mratélakaké apa kang dadi kekarepané sera-oenèn-oenèn, ikoe wis tjoekoep. Ananging samangarep nglahiraké pikirané marang wong kang adoh hé, oetawa arep njaṭeti apa-apa, (dadi jèn leté adoh wa lawas); oenèn-oenèn kang keseboet ing ḍoer maoe, ora njoekoepi; dadi koedoe nganggo teger, kang koedoe paḍa tegesé toemrap loro-loroné. ang mengkono maoe, sa-iki preloe niti-priksa ing etara, endi tenger-tengeré kang kanggo ing basa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Djawa wiwit koena moela toemeka ing djaman sa-iki, sarta saka endi asalé tenger-tenger maoe. Sawisé mengkono, bandjoer nerangaké prajogané tenger-tenger maoe disalini toelisan kang loewih betjik.

Temboeng kang di-oetjapaké ikoe, tengeré kang di-toelis moela-boekané gambaré barang kang arep di-pratélakaké. Éwadéné gambar-gambar maoe moeng bisa mratélakaké samoebarang kang ma-oedjoed, ora kena di-enggo mratélakaké ka-anan kang ora ma-oedjoed oetawa solah-tingkah.

Ananging samoebarang kang ora ma-oedjoed iko ka-anané sok gepokan karo kang ma-oedjoed, moelan jèn wong kroengoe araning barang ma-oedjoed, ba djoer kèlingan marang sipaté kang ora ma-oedjoe kaja ta: solahé, kanggoné l. s. p.

Jèn ana wong moeni: *srengéngé*, sapa-sapa si kroengoe bandjoer kèlingan marang *padang*, *pa* oetawa *awan;* jèn wong weroeh *remboelan* oeta *lintang* bandjoer kèlingan marang *wengi* l. s. p. Ka mengkono ikoe *gambaré srengéngé* (oepamané b deran tjilik), kena di-enggo nerangaké: *awan*, s *gambaré remboelan sasigar kambi lintang* kena enggo mratélakaké: *wengi*. [1])

Jèn weroeh ana *wong séba karo njembah*, ateges *pangadji-adji* oetawa *kahoermatan*, mo gambar kang mengkono mratélakaké pangadj l. s. p.

Solah-tingkah kena dipratélakaké serana pol awak kang moedjoedaké solah-tingkah maoe, ka jèn arep nerangaké temboeng *njènèng*, ikoe ba 'nggambar wong kang lagi njènèng apa-apa.

Kang mengkono ikoe, senadjan ngrontjé, wo

1) Malah sadoeroengé ana toelisan gambaring baran wis ana kang pada mratélakaké karepé serana prelamb ta: toemper kang wis dadi areng, kena di-enggo tenger par intjim arep ngobong omah (Wong Batak.).

rada bisa mratélakaké oetawa matjak tjiptaning atiné ana ing toelis. Patrap kang mengkono maoe ingaranan: gambar pratélaning karep, djalaran woedjoedé:

a. penggambaré samoebarang kang ma-oedjoed;

b. nemtokaké sebarang kang ora ma-oedjoed, serana nimbalaké ka-anané, sarta

c. mratélakaké solah-tingkah serana gambaré polahing awak, kang noedoehaké solah-tingkah maoe.

Ananging toelis kang mengkono ikoe isih tjoṭo banget, doeroeng sampoerna, sarta doeroeng njoekoepi. Gambar-gambar oetawa tenger-tenger maoe moeng paḍa kena ditata baé, ora bisa noedoehaké bédané oah-oahaning temboeng ana ing oekara kang kanggo tjetjatoeran.

Soepaja bisa mratélakaké oah-oahaning temboeng, kedjaba gambar-gambar maoe, koedoe ana toelis manèh, kang mratélakaké swara wantah. Toelis kang mratélakaké swara wantah ikoe, lawas-lawas wiwit saṭiṭik lahir saka ing gambar ka-anan maoe.

Senadjan moela-boekané gambar-gambar ikoe ora di-enggo mratélakaké swara, éwadéné lawas-lawas tenger maoe ora kelawan diniati, bandjoer di-anggep pamoring swara wantah, moelané jèn andeleng sawidjining tenger kang dipatjak, bandjoer éling oega marang swara, kang ka-anggep wis tjotjog karo woedjoeding tenger maoe. Sabab saka ikoe lawas-lawas toelis kang aḍapoer gambar ka-anan, paḍa dadi tetenger swara kang mesṭi, sarta maksoed ing moela-boekané bandjoer ora kapikir. Ingisor iki toelaḍané minangka ketrangan:

Sa-oepamané ana wong arep mratélakaké merang, gagang pari, wis mesṭi baé 'nggambar „*merang*." Sarèhné gambar maoe kerep katon ing mata, sarta kerep di-oenèkaké seroe, dadi pamoring swara wantah „*merang*" bandjoer noenggal ka-anan karo gambar „merang." Ing sabandjoeré jèn ana wong arep mratélakaké „me-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rang" kang teges „*natoni*" ia gawé gambar „merang" gambar pari.

Moelané saja lawas bandjoer nganakaké toelis kang kena di-arani: t o e l i s g a m b a r t j a n g k r i m a n; dadi pantjèn noenggal ka-anan kaja déné wong gawé tjangkriman serana gambar.

Panggambaré barang maoe soewé panggawéné, kang mesṭi lawas-lawas koerang titi, awit gambaré diringkes, kaja ta: Jèn arep 'nggambar sapi, soepaja rikat, digambar *enḍasé* baé, oetawa *soengoené* serakit; mengkono ing sapepaḍané. Gambar-gambar kang diringkes ikoe kena diganḍèng awarna-warna. Toelisan kang mengkono maoe kasampoernané paḍa karo toelisan Tjina ing djaman sa-iki; jaikoe pamoring gambar-gambar kang wis dipesadjakaké (terkaḍang nganti ora kawroehan gambar apa). Toelis kang mengkono ikoe oega kanggo mratélakaké ing ka-anan kang paḍa oetawa mèmper oeniné. Wekasan bandjoer tetep loemrah ing kanggoné.

Toelis kang mengkono ikoe jèn kanggo ing bangsa Tjina, ia wis tjoekoep, djalaran temboeng-temboengé akèh kang moeng njewanda; dadi sidji-sidjining tenger maoe mratélakaké oeni sewanda.

Ananging toemrap bangsa liané, kang basané loewih memet, toelis kang mengkono ikoe doeroeng njoekoepi, moelané lawas-lawas toelisé di-adjokaké saka saṭiṭik.

Manoet ketrangan ing ḍoewoer maoe, wis tetéla jèn tenger-tenger ikoe maoené ora lia moeng gambaré barang oetawa pratélaning solah-tingkah, bandjoer tjawoeh karo oenèn-oenèn kang adjeg, woesana ngiras kanggo tengeré swara wantah kang wis temtoe,

Tenger pamoring swara wantah maoe, akèh kang mratélakaké temboeng kang dawa (loewih saka sewanda) ananging sarèhné saben-saben tansah di-oahi oetawa diwangoen, dadi saja lawas saja soeda teranging karepé,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

nganti ing wekasan moeng mratélakaké swara beboekané wanda wiwitan ing temboeng maoe.

Kang mengkono ikoe nganakaké toelis malihané gambar-gambaring ka-anan, kang saja lawas saja pesadja nganti saben tenger sidji bandjoer mratélakaké oeni sewanda. Toelis ikoe di-arani toelis wandan (toelising wanda), kang isih kanggo ing sawetara bangsa, nanging bandjoer paḍa disampoernakaké manèh manoet ing kaboetoehaning basané ḍéwé-ḍéwé.

Éwadéné doeroeng bisa ngilangaké koetjiwané, jaikoe enggoné ngrontjé, djalaran sesoeroepaning wanda kang ana ing basa-basa maoe koedoe ana tengeré ḍéwé-ḍéwé. Mengkono manèh toelis wandan ikoe, senadjan nganggo tetenger kang paḍa kèhé oetawa loewih, kasampoernaning kanggoné ora bakal njandak sastra, jaikoe toelis kang bakal katjarita ingisor iki.

Kang ingaranan sastra ikoe sedjatiné koedoe paṭokan mengkéné:

Sastra ikoe awoedjoed tenger-tenger kang di-arani aksara, kang ora paḍa mratélakaké sawidjining ka-anan oetawa oeniné, oega ora dadi tengeré sawidjining wanda, ananging kang paḍa mratélakaké swara wantah ḍéwé-ḍéwé, kang koempoelé tjoekoep kanggo nengeri saroepaning swara wantah ing basané wong kang nganggo sastra maoe.

Éwasemono sastra kang awoedjoed aksara idjèn-idjèn ikoe, satemené ia doeroeng sampoerna temenan, djalaran warnaning swara wantah ing sawidjining basa ikoe kaloemrahané akèh banget; mangka tenger-tengeré moeng saṭiṭik, ananging wis tjoekoep kanggo nengeri pamoring swara wantah kang akèh-akèh, malah loewih akèh kang ngèmperi ḍéwé karo paketjapané kang sedjati.

Sastra kang kaja mengkono ikoe, wewangoenané toelis-wandan, tengeré sawisé toelis-wandan disampoernakaké bandjoer dadi sastra maoe, ananging

keprijé patrapé enggoné ngoahi, ikoe lagi paḍa di-remboeg déning para sardjana, ananging sadjroning beboeka iki, ora ana preloené mratélakaké kang dadi dedoegané para sardjana maoe.

Adja kinira jèn bangsa kang paḍa nganggo sastra ikoe wis paḍa narima, tegesé wis mandeg ora bakal njampoernakaké sastrané manèh; doeroeng antara lawas akèh wong kang paḍa ngoedi oendaking pesadjané, soepaja ngoendakaké rikating panoelisé. Pangoediné serana nganggit tenger anjar, kanggo nengeri swara wantah kaja déné tenger kang wis ana maoe, ananging kang loewih gampang panoelisé, soepaja bisaha noelisi kareping wong kang soewéning panoelisé paḍa karo enggoné ngandakaké. Ananging pangremboegé toelis rikat maoe, ora gepokan kambi toedjoening beboeka iki.

Sawisé mratélakaké bebaloengané sakabèhing toelis maoe, sa-iki arep nerangaké ka-anané sidji-sidjining toelis warna teloe, kang ing djaman sa-iki kanggo noelisi basa Djawa, sarta arep niti-priksa endi kang gedé ḍéwé daja-kaperloeané, soepaja toemoeli kena digawé toeroetan kanggo ing sabandjoeré.

Basa Djawa ikoe ing sa-iki loemrah katoelis nganggo:

a. aksara Djawa,
b. aksara 'Arab,
sarta wiwit katoelis nganggo
c. aksara Welanda.

a. Aksara Djawa ikoe kaleboe toelis-wandan, petikan saka ing toelis Sanskrit, kang ḍèk bijèn diwoelangaké déning bangsa Indoe marang wong Djawa, bebarengan karo piwoelang lia-liané ('ndelenga tjaritané ing lajang Adji Saka). Ana ing tanah Djawa kanggoné aksara maoe sangsaja lawas toemrap ma-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

rang basané wong boemi, sangsaja mapan, nganti sa-iki kena di-arani tjoekoep kanggo mratélakaké basa kang isih pesadja kaja déné basa Djawa ikoe, kang kelawan titi.

b. Aksara 'Arab ikoe kaleboe bangsaning sastra, ananging paḍa-paḍa sastra éwoné ala, djalaran kang ana tengeré moeng swara kang djedjeg (dawa) (a, i, oe), déné kang miring (é, è, ó, ò, e) moeng tinengeran nganggo tjorèk tjilik-tjilik ana saḍoewoeré oetawa sangisoring aksara. Bareng kanggo noelis basa ing tanah India, kang oeniné awarna-warna, kaja ta: basa Djawa, kedjaba isih koedoe diwoewoehi aksara manèh, panganggoné tetenger swara kang doemoenoeng saḍoewoeré oetawa sangisoring aksara, soepaja toemindak betjik, isih koedoe diwoewoehi kang akèh manèh.

Kang mengkono ikoe koetjiwané kaja déné kang kaseboet ingisor iki:

1. Pèné saḍéla-saḍéla koedoe didjoendjoeng kanggo gawé tengeré swara kang ana ing ḍoewoer oetawa ngisor, andadèkaké rinḍiking panoelisé.

2. Enggoné noelis gampang loepoeté, amarga lali oetawa kliroe pamasangé sawidjining tetenger oetawa tjetjak, sabab akèh aksara kang béda-bédané moeng katanḍa saka ing tetenger oetawa tjetjak maoe.

3. Lakoené toelisan 'Arab saka tengen mangiwa-ikoe soelaja karo koelinané lakoening tangan, mengkono manèh toeli sané kang mentas ditoelis kenané di, toetoeti ing pandeleng ora gampang kaja déné toeli san saka kiwa manengen.

Awit saka ikoe, aksara 'Arab patoeté moeng kanggo mratélakaké basa 'Arab baé, ora kena pisan-pisan kanggo basa liané, apa manèh panganggoné aksara maoe ing basa Djawa, mengkono oega ing basa Melajoe saja-lawas saja soeda, ing poelo Soematra oetawa ing tanah Melaka paḍa disalini aksara Welanda, kang pantjèn betjik banget.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kanggoné aksara 'Arab ing basa Djawa sa-iki moeng kari kanggo noelisi lajang-lajang kang isi ngèlmoe agama déning bangsa moetihan. Senadjan ana kang doewé pangira jèn panganggoné aksara maoe ana ing basa Djawa rada soemerambah, éwadéné ora kena di-anggep jèn bakal bisa lestari ing salawas-lawasé, djalaran moela patjèn koetjiwa.

c. Aksara Welanda ikoe oega sastra, ananging loewih genep tinimbang karo sastra 'Arab, malah tjoekoep banget kanggo mratélakaké basa lia-liané, ora soesah nganggo moewoehi aksara manèh oetawa nganggo ambédak-bédakaké aksara kang wis ana serana tjetjak-tjetjak oetawa tjorèk-tjorèk (kedjaba moeng kanggo aksara ilat: ḍ lan ṭ).

Satemené toelis warna teloe maoe noenggal asal, djalaran aksara Sanskrit, baboné aksara Djawa, ikoe asalé manoet ketrangané para sardjana Europa, saka ing aksara Phoenisia.

Déné aksara Phoenisia maoe paḍa ditélad déning bangsa Semitya sarta déning bangsa Griek lan Latijn; mangka bangsa 'Arab ikoe keleboe ing bangsa Semitya maoe, sarta aksara Welanda ikoe asalé saka ing aksara Latijn.

Sa-iki toelis warna teloe maoe perloe diremboeg kanggoné ing basa Djawa, endi kang pantes dipilih, dadi endi kang panganggoné pantes di-adjokaké déning saḍéngah wong, sarta déning Kangdjeng Goepermèn kang pantjèn nedya ngadjokaké dradjaté para priaji lan para bangsa tjilik kabèh.

Aksara 'Arab koerang prajoga kanggo noelis temboeng Djawa, koetjiwané wis kapratélakaké ing ḍoewoer, mengkono oega aksara 'Arab ikoe ora moeng koetjiwa panoelisé baé, senadjan pengetjapé (penjiṭaké) ia angèl sarta akèh wragadé, dadi regané lajang tjaptjapan ia bakal moenḍak.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Aksara Djawa ikoe, kaja déné kang kapratélakaké ing ḍoewoer, moeng tjoekoep kanggo noelisi basa Djawa baé, ananging koetjiwané déné ora gampang kanggo noelisi temboeng-temboeng mantja, kang kelawan sampoerna. Kaja ta: kanggo gegentiné aksara 'Arab ḥ, ch, k lang q (ḳ) ing toelisan Djawa moeng ana aksara sidji, jaikoe ꦏ nganggo ditengeri manèh oetawa ora ꦏ꦳).

Wanda kang tinengeran nganggo aksara soesoen-soesoen (rangkep-rangkep) ing basa Welanda pirang-pirang, ikoe wis prasasat ora kena tinoelis nganggo aksara Djawa.

Toer wong Djawa ikoe, jèn arep madjoe, ora kena ora, koedoe nganggo temboeng mantja. Kang mengkono wis toemindak, wong Djawa sa-iki wis akèh panganggoné temboeng Welanda sarta temboeng 'Arab, jaikoe saben-saben woewoeh pangerti anjar, ia woewoeh temboengé mantja.

Nganggo temboeng mantja maoe doedoe kanisṭan; saben bangsa ia sok nganggo temboeng mantja, nanging jèn ing basané ḍéwé ana temboengé, njilih temboeng ikoe koerang prajoga.

Malah ing basa Djawa oega ana wanda kang koedoe tinoelis nganggo aksara soesoen teloe; kang mengkono maoe bisané koedoe serana nganggo matèni aksara ping pinḍo: pangkon lan pasangan, oepamané mbl... koedoe tinoelis ꦩ꧀ꦧꦭ꧀. . .

Toelisan Djawa ikoe kanggo nengeri swarané wantah baé, malah isih kakoerangan tenger; saben sanḍangan swara ikoe paketjapané molah-malih, kang ora kena tinengeran ing toelis. Éwadéné tjatjad kang mengkono ikoe satemené oega ora pati dadi apa, sabab saroepaning toelis oetawa sastra, senadjan ora patia, ia paḍa andoewèni tjatjad mengkono.

Ananging toelisan Djawa koetjiwané temenan ia ana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jaikoe ora bisa nengeri swara kang dawa ing basa mantja, kaja ta: basa Welanda oetawa 'Arab. Djalaran saka koetjiwaning aksara (medeklinker) kanggo temboeng mantja, kerep baé ing lajang-lajang Djawa ana temboeng mantja kang tinoelis pada oeniné, nanging tegesé béda banget, kongsi akèh temboeng-temboeng oetawa aksara-aksarané kang koedoe dipikir dawa. Djoemboehé ka-anan kang satemené béda-béda ikoe agawé sasaré panemoening wong Djawa, kaja ta: *rasa*, tegesé *rasaning ilat*, oetawa *lara*, ikoe dipada tegesé karo temboeng rasa, jaikoe wadi, pepetikan saka basa Sanskrit: *rahsija*. Apa manèh temboeng *adji*, sabeneré ratoe, ditoelis ꦲꦗꦶ nanging toelisan ꦲꦗꦺꦴ ia kanggo mratélakaké temboeng *hadji* kang tegesé: wis moenggah ing Mekah. Dadi Adji Saka, jaikoe ratoe Saka (Saka = sawidjining bangsa Indoe djaman koena) ia diseboet Hadji Saka kang tegesé pada karo Hadji Saka kang wis loenga hadji ing Mekah.

Apa manèh ing lajang Adji Saka digawé kaja mengkéné: „Sadoeroengé Adji Saka ngedjawa, katjarita moenggah hadji disik."

Nanging chabar ikoe sing metoe saka toelisané ꦲꦗꦺꦴ = *adji* lan *hadji* —, wis mesti goroh banget, sabab kalané Adji Saka, wong doeroeng babarpisan moenggah ing Mekah. Toeladan ing doewoer ikoe nerangaké, jèn toelisan kang koerang tjeta maoe bisa andadèkaké keliroening panampané wong Djawa.

Woesana isih ana manèh moenggoeh tjatjadé toelisan Djawa, malah dak-arani tjatjad kang gedé dèwé, jaikoe jèn arep ditjap, awit wong kang wis njoemoeroepi patrapé wong ngetjap, bisa terang jèn pangetjapé aksara Djawa ikoe pakéwoeh oetawa kangèlan banget, lan akèh woewoehing aksara, kaja ta: pasangan, sandangan, tjakran, ikoe koedoe nganakaké pirantining ngetjap dèwé-dèwé, dadi kang mengkono ikoe njoewèni sarta akèh wragadé. Apa manèh pema-

PERPUSTAKAAN NASIONAL

sangé ia angèl, awit koedoe milihi sidji-sidjiné, sarta sela-selaning larikan koedoe amba banget, sabab saka tenger-tenger kang doemoenoeng sangisoré oetawa saḍoewoering papané aksara; kang mengkono ikoe moewoehi kèhé loepoeting pangetjap.

Sarèhné bab pangoepadjiwané lan kawroehé wong Djawa saja lawas saja moenḍak, dadi saja preloe mratélakaké pangerti lan kawroeh anjar serana lajang tjap-tjapan; kang mengkono ikoe amratélakaké jèn tjatjadé toelisan Djawa kang wekasan maoe, ora kena di-anggep sapélé. Lan manèh ora pati ana sababé kang marakaké koedoe ngoekoehi toelisané ḍéwé, jèn pantjèn ana gegentiné kang loewih betjik sarta loewih gampang ditoelis oetawa ditjap, kang di-enggo déning lia bangsa ing tanah Djawa; ana kang pantjèn moeng nganggo ikoe baé sarta ana kang saja lawas saja mrelokaké sastra maoe.

Jèn wong Djawa nganggo sastra kang loemrahé kanggo déning para bangsa koeasa, ikoe kang bakal ngapénakaké awaké ḍéwé, kaja ta: 'nggampangaké sinaoené basa Melajoe oetawa basa Welanda; dadi djenengé anggemèni waktoe, kang oega kena di-enggo golèk kapinteran liané kang maédahi.

Kapinḍoné, jèn temboeng Djawa wis dikawroehi ing lia bangsa, bandjoer gampang mangertiné marang tata-tjara lan pamikiré wong Djawa, kang mengkono maoe mesṭi bakal ngoenḍakaké kadjèné.

Toelisan Djawa ora pisan-pisan bakal diboeang, awit wis kadjeron leboené ing baloeng soengsoemé wong Djawa, nanging prajoga dilestarèkaké kanggo noelisi lajang-lajang koena. Moeng panemoe, kawroeh lan pangerti anjar ikoe, jèn wong Djawa ora arep kèri kambi lia bangsa, koedoe disedyakaké kelawan woedjoed kang akèh èmperé karo tjaranè lia bangsa kang tjeḍak, enggoné mratélakaké satjiptaning atiné, soepaja kelawan èngga! lan wragad saṭiṭik banget, bisa kanggonan

kawroehé lia bangsa kang maédahi, ora nganggo ninggal bangsané ḍéwé.

Woesana sa-iki moeng kari anggolèki patrap panganggoné sastra Welanda ing basa Djawa maoe. Ing ḍoewoer woes kapratélakaké, jèn saroepané oeni ing sawidjining basa arep ditengeri serana toelis ḍéwé-ḍéwé, ikoe ora bisa toemindak. Sabab bandjoer koedoe nganggit tetenger warna-warna manèh, oetawa tetenger kang wis ana koedoe dibédak-bédakaké nganggo tanḍa sédjé-sédjéné manèh. Dadi moeng ngoendakaké angèl kang tanpa gawé, njoedakaké tjeṭa, malah 'nggampangaké loepoet sarta nganakaké toelisan kang ora ngresepaké ati.

Nitik kang wis kelakon, aksara Welanda kang ana ikoe wis tjoekoep banget di-enggo, malah tjoekoep milihi kang preloe-preloe baé, bandjoer digawèkaké paṭokan sawetara, soepaja saroepaning oeni kang noenggal katoelis nganggo tenger kang paḍa, Sabab jèn ora nganggo paṭokan mengkono, amesṭi bakal ana swara noenggal kang tinengeran warna loro, andadèkaké samaring tegesé temboeng kang dikarepaké ana ing sawidjining oekara. Sawidji-widjining sastra, emboeh paḍa krasa, emboeh ora, paḍa andoewèni paṭokan kang mengkono, sabab preloe banget kang noelis lan kang matja paḍa mengerti marang karepé sidji lan sidjiné, dadi enggoné paḍa nampani karepé sawidji-widjiné tetengering toelis maoe koedoe paḍa.

Paṭokan kang mengkono ikoe ing sabisa-bisa sa-iki wis di-anani, kaja déné kang kapratélakaké ingisor iki, soepaja panoelisé ingendi-endia bisa paḍa sarta bandjoer paḍa mangertiné.

Mengkono manèh kang loewih di-oedi, jaikoe pesadja, ing sa-olèh-olèh oega ngoedi tjeṭaning oeniné, kang ora soesah kapeksa nganggo tetenger ḍéwé oetawa tjorèk-tjorèk manèh. Moenggoeh bisané kelakon moeng serana gawé baloengan tetoeroetaning panoelis, kang

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ora nganggo ngèlingi panoelisé sidji-sidjining oeni maoe nganggo aksara Djawa.

Panoelisé toelisan Djawa ikoe, tetoeroetané moela pantjèn béda karo sastra Welanda, dadi toelisan warna loro ikoe koedoe andoewèni paṭokan ḍéwé-ḍéwé. Déné pamilihé paṭokan tetoeroetaning panoelis kaja ingisor iki, di-arah-arah bisané ngromahi: menawa ing boeri basa Djawa andoewèni ka-oenḍakan manèh, jaikoe serana ambédak-bédakaké panoelisé temboeng-temboeng kang mèmper, nanging tegesé ana bédané saṭiṭik, dadi bakal bisa moenḍak akèh pepikirané.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

takdir, swarané *k* ora tjeṭa, awit asalé saka ق (kaf) = تقدير

makloem, swarané *k* ora tjeṭa, awit asalé saka ع ('ain) = معلوم

l. *loeroe, tanggal, lima.*
m. *mata, gelem, mèloe.*
n. *negara, nama, paman.*
ng. *ngala, loenga, maling.*
nj. *njata, njawa, loenjoe.*
p. *pari, pita, pépé.*
r. *rama, pager, krama.*
s. *seger, niṣta, teges.*
t. *tali, kawat, tangan.*
ṭ. *ṭaṭit, peṭi, poeṭoe.*
tj. *tjarik, tjara, kétjoe.*

ty doedoe aksara ḍéwé; kaseboet ing kéné soepaja ora djoemboeh karo: *setja* lan *setya*, kaja kang kaseboet ing bab: **dy**.

w. *wali, wadi, kawah, sawah.*

w ora di-enggo jèn doemoenoeng ing tengah-tengahing swara *oe* oetawa *o*; nanging koedoe di-enggo jèn anḍisiki swara *i, é, è*, oetawa ana ing tengah-tengahing swara *oe* lan *oe*, kaja ta:

pasamoewan beneré *pasamoean.*
kelakoewan „ *kelakoean.*
sowan „ *soan.*

Ananging: *moewoes, toewoek, kowé, soewé, toewi.* (Kaja ing ḍoewoer bab **j**).

Bab pérangan aksara.

Aksara-aksara ikoe manoet paketjapané, kabédakaké dadi limang pérangan, jaïkoe:

a. Aksara gorokan: *h, k, g, ng.*
b. „ tjeṭak: *tj, dj, nj.*
c. „ ilat: *ṭ, ḍ, n.*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB SWARA.

a. Ka-oenèkaké serana tjangkem menga, abab kapandoekaké ing tengahing gorokan kaja ta: *adja, negara, tjakra.*

Déné swara **a** ana rong roepa, djedjeg lan roeboeh.

a. Swara **a** kang djedjeg kaja ta:

1. ja, ta. (Jèn dadi temboeng sewanda kang menga).

2. loenga, teka, pira. (Jèn dadi wanda wekasan kang menga). Kang njebal: *ora, boja.*

3. adja, negara, tjakra. (Jèn doemoenoeng sangarepé wanda wekasan, semono ikoe jèn wandané wekasan menga sarta tanpa: *i, é, oe, o*).

4. Sadjaja, Swatama. (Jèn wandané ngarep dadi temboeng djamboran kang diwantjah).

5. djoepoekna, toekoea. (Jèn dadi panambang kang menga).

K a t e r a n g a n.

Kang loemrah ana wong nganggo *å* oetawa *ò* = *a* djedjeg, ikoe ora moepakat, sabab ing basa Welanda oetawa Melajoe tenger *å* ora ana, dadi poerihé moeng nggampangaké marang botjah-botjah kang sedya sinaoe basa Welanda oetawa Melajoe; moelané *a* djedjeg ora preloe nganggo tenger déwé, wis tjoekoep saka pa-oegeraning paketjapané temboeng-temboeng maoe.

ò oega ora prajoga, sabab wong-wong bandjoer pada kelantoer panoelisé, oepama:

Gondokoesoemo, beneré *Gandakoesoema*;
Diponegoro, „ *Dipanegara*;
Soerowidjojo, „ *Soerawidjaja*.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

d. Aksara oentoe: *t, d, n.*
e. „ lambé: *p, b, m.*
Kedjaba saka ikoe ana aksara kang di-arani mengkéné:
a. Aksara iroeng: *n, nj, m, ng.*
b. „ loeloeh: *r, l.*
c. „ manda swara: *w, j.*
d. „ ngeses: *s.*

Bab aksara gedé.

Moenggoeh kanggoné aksara gedé ikoe pada baé karo ing basa Welanda, kaja ta:

1. Kanggo noelisi djenenging wong:
Djaja-atmadja oetawa *Djaja-Atmadja.*
Sasraningrat „ *Sasraning-Rat*
Oei Boenliong „ *Oei Boen Liong.*
Abdoelsoekoer „ *Abdoel-Soekoer.*

2. Araning panggonan:
Soerakarta, Bandoeng, Meester-Cornelis, Kaliben ing.

3. Araning goenoeng:
goenoeng (*G.*) *Semèroe, goenoeng* (*G.*) *Merapi, goenoeng* (*G.*) *Lawoe.* Jèn ditjekak katoelis: *G.*

4. Araning kali:
ali (*K.*) *Praga, kali* (*K.*) *Tjiliwoeng, kali* (*K.*) *Serajoe-k*Jèn ditjekak katoelis: *K.*

5. Araning bangsa:
Tjina, 'Arab, Boegis, Djepang, Djawa, Madoera.

6. Araning pangkat:
Resident, Assistent-Resident, Regent, Patih, Loera Pengo eloe.

Araning pangkat kang wekasané nganggo *t* jèn olèh panambang *an, t* maoe diboeang, kaja ta:
Resident dadi *résidènan,*
Assistent „ *assistènan,* sabab temboeng-temboeng maoe ing basa Djawa katoelis: *Résidèn, Assistèn.*

7. Araning pangkat toeroenan:
Radèn, Mas, Habib, Mas-adjeng, Radèn-lara, Mas-bèi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

8. Araning dina:

Ahad, Senèn, Slasa, Rebo, Kemis, Djemoeah, Sabtoe.

9. Araning sasi Welanda: *Januari, Februari, Maart* sabandjoeré.

Ing basa Djawa kang wis kaloemrah katoelis: *Djanoeari, Pébroeari, Maret, April, Mèi, Djoeni, Djoeli, Agoestoes, Sèptèmber, Oktober, Nopèmber, Dèsèmber.*,

10. Ing wiwitaning oekara minangka adeg-adeg oepama:

Serat akanṭi salam pandonga koela ḍoemateng ing...

BAB ANGKA.

Moenggoeh kanggoné angka ikoe ginawé nengeri tjatjah kaja ta:

1 *sidji*
9 *sanga*
10 *sepoeloeh*
15 *limalas*
19 *sangalas*
20 *rong poeloeh*
24 *patlikoer*
30 *teloeng poeloeh*
100 *satoes*
112 *satoes rolas*
345 *teloeng atoes patang poeloeh lima*

BAB TENGER.

Aranè **komma**, kanggoné:

1. Misah gatra, kaja ta:

Ja bener akèh wong pinter,nanging moeng saṭiṭik kang betjik.

2. Oega katoelis ing saboeriné oenèn-oenèn kang isih akèh panoenggalané, kaja ta:

Sepasar ikoe ana limang dina, jaikoe: Paing Pon, Wagé, Kliwon lan Legi.

Aranè **titik-komma** (komma-punt), kanggoné jèn

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

arep moewoehi oekara kang noenggal ing tjarita karo oekara ingarepé, oepama:

Ing dina wingi wong kang mati déning lelara kolérah, goenggoeng ana wong sepoeloeh; semono ikoe wong lanang kabèh.

Oekara kang kari ḍéwé ikoe, minangka katrangané oekara kang ngarep.

Dadi tenger (;) minangka pamisah oekara, kang isih noenggal bab karo ing oekara ngarepé.

. Arané **titik** (tjetjak).

1. Doemoenoeng ing wekasaning oekara, dadi mratélakaké jèn oekara maoe wis entèk, kaja ta:

Ing Bandoeng poenika sami-sami kita karésidènan, njenengaken sanget. Ing Betawi langkoeng ramé tinimbang kalian Bandoeng, nanging hawanipoen boten sakétja kados ing Bandoeng.

2. Kanggo tenger tjekakan, kaja ta:

lia-liané, katoelis *ll.*
peparan „ *ppr.*
kaja ta „ *kjt.*

: Arané **dubbelpunt**, ing basa Djawa arané: *pada pangkat*, kanggoné:

1. Toemrap ing saboeriné oekara, jèn arep njaritakaké samoebarang, kang minangka oepama oetawa paprintjèning apa-apa, kaja ta:

a. *Kang di-arani pala- pendem ikoe kaja ta: kétéla, kentang, oewi, gembili lan sapanoenggalané.*

b. Kanggo tengering oekara kang doeroeng entèk, oetawa kanggo nirokaké tjelatoening wong lia, kaja ta:

Paribasan wis anjeboetaké: „*Wong betjik ketitik, wong ala ketara.*"

Sedaja tjelatoe: „*Apa bener mengkono djandjiné?*"

! Arané **tenger pangoendang**.

Kanggo tenger temboeng pangoendang, oetawa tengering temboeng kang koedoe di-oenèkaké sora oetawa ngagèt, kaja ta:

1. *Sidin ngoendang-oendang: „Min! Min! mandega!"*
2. *Wangsa bengok-bengok sarosané: „Omah kobong! omah kobong!"*
3. *Si Wira kagèt, tjelatoené: „Lo! kok mengkono!"*

— Arané **pamegat**.

1. Kanggoné amegat temboeng, oetawa toemrap ing tengah-tengahé temboeng loro oetawa dwi-lingga, lan dwi-lingga salin swara, kaja ta:

a. *moebeng-moebeng; obat-abit.*

b. temboeng loro kang di-anggep kaja temboeng sidji, oetawa temboeng kang rangkep, ditoelis: *tri-moerti, tembé-wingking*

c. jèn wong noelis temboeng sidji kang loewih saka sewanda, arep dibenggang, koedoe ditoelis: *pan-dé roe-pa-né, pa-mi-tja-ra-né.*

2. Ater-ater sok dibenggang panoelisé karo temboengé ing boeri, soepaja tjetaha temboengé kang diater-ateri, panoelisé:

sa-liter,
sa gram,
sa-loemboeng-bandoeng.

3. Mengkono oega toemrap temboeng mawa panambang, ananging manoet ing oeninė baé, kaja ta:

atoe-ran doedoe *atoer-an*
panga-nan „ *pangan-an;*

nanging:

nandoek-i doedoe *nandoe-ki,*
toenggak-an „ *toengga-kan,*

awit *k* ikoe sabeneré wis karaket ing swara kang andisiki, doedoe aksara dėwé.

? Arané **tenger pitakon**.

Toemrap ing saboeriné oekara oetawa temboeng kang tegesé pitakon, kaja ta:

Sapa djenengmoe?
Apa mengkono mestiné?

Pira?
Prijé?

„ " Iki tenger toemrap ing wiwitané oekara oetawa garis, jèn arep noelisi patjelaṭon; mengkono oega ing boeriné oekara, kaja ta:

Tjelaṭoené mengkéné: „*Wong sabar ikoe ora moeng ngilangaké kedoewoeng baé, nanging oega betjik toemrap marang lakoening getih.*"

( ) Arané **tenger koeroeng**.

1. Kanggo nengeri oenèn-oenèn oetawa tjatjah kang digolongaké dadi sidji, kaja ta:

(3 + 4 + 14 — 10) : 2 + (3 — 1) = ...

2. Kanggo anengeri oekara oetawa temboeng kang atoenggal teges karo oekara oetawa temboeng ingarepé, kaja ta:

a. *Wondéné bab mesin(machine), ora bisa terang se rana tjerita baé.*

b. *Wong-wong kang paḍa lara maoc bandjoer paḍa diloengakna (digawa menjang enggon kang wis ditemtokaké).*

·· Tenger toemrap ing saḍoewoering sastra, soepaja teranga swaraning wanda sidji lan sidjiné ing sawidjining temboeng, kaja ta:

saät, koerän.

' Tenger panjekaking temboeng, kaja ta:

embok dadi *'mbok*
embat „ *'mbat*
ing ḍoewoeré „ *'nḍoewoeré*
ing boeriné „ *'mboeriné*

BAB ATER-ATER

Ater-ater katoelis ganṭèt karo temboeng kang di-ater-ateri, nanging ater-ater rong-wanda, apa manèh ater-ater kang ing boeri aksara swara, mangka kanggo ater-atering temboeng kang wiwitané oega aksara swara, ikoe kena dipisah, nanging kang kinira njamar

djadiah-'ndjadjah,
tjatjah-natjah,
soetji-noetji,
sidji-nidji,
sedya-nedya,
setya-netya.

nj kanggo ngater-ateri temboeng lingga kang poerwa: *tj* lan *s*, kaja ta:
tjakar-njakar,
sawah-njawah.

m kanggo ngater-ateri temboeng lingga kang poerwa *p* lan *b*, kaja ta:
pangan-mangan
balang-'mbalang

Bab seselan.

Oem ka-oenèkaké bareng karo wanda poerwaning lingga: *tjawis — tjoemawis, sèlèh — soemèlèh.*

Menawa temboengé apoerwa swara oetawa aksara *w* lan *p* jèn olèh seselan *oem*, diwantjak serana amboeang *oe*, kaja ta:
énggok-oeménggok dadi *ménggok,*
atoer-oematoer „ *matoer,*
widjil-woemidjil „ *midjil,*
pati-poemati „ *mati.*

In ka-oenèkaké bareng karo wanda poerwaning lingga:
toelis-tinoelis
kanṭi-kinanṭi.

Jèn seselan *in* kanggo ing temboeng kang apoerwa swara, bandjoer liniroe ing *ing*, kaja ta:
asal dadi *ingasal* ora *inasal,*
oetoes „ *ingoetoes* „ *inoetoes,*
oendang „ *ingoendang* „ *inoendang.*

El oet. **er** oega ka-oenèkaké bareng karo aksara poerwa, kena di-oeloer, kena ora, kaja ta:

oeninė wis mesṭi koedoe dipisah, ing tengah nganggo tenger pamegat; ater-ater kang satemené temboeng ḍéwé, ikoe prajoga adja ḍiganṭèt, kaja ta:

asikil, daktoekoe, kodjoepoek, ditoembak, katoelis, pitoeloeng, sadina;

sa-iki kena oega katoelis *saiki,*
ka-oendjoek „ „ „ *kaoendjoek,*
ka-étoeng „ „ „ *kaétoeng,*
ja-ikoe „ „ „ *jaikoe,*
di-obong „ „ „ *diobong,*
di-edol. ka-atoer, ko-étoeng; sira-gawa, sampéan-bekta, dipoen-roemijini, koela-tampi; koema-wani, kami-toea, kapi-laré, pari-soeka.

Bab aksara iroeng.

Aksara iroeng ikoe ana kang kanggo 'ngganti, ana kang kanggo 'nḍisiki aksara poerwa, jaikoe kaja kang diterangaké ing èlmoe perama sastra, oepama:

ng kanggo ngater-ateri temboeng kang apoerwa: *swara* kabèh, *r, l, w, j, k, g,* kaja ta:

anggo-nganggo,
oendjoek-ngoendjoek,
ingoe-ngingoe,
rokok-ngrokok,
lokro-nglokro,
wènèh-ngwènèh,
joengjoen-ngjoengjoen,
gawa-'nggawa,
kalar-ngalar.

n kanggo ngater-ateri temboeng lingga kang poerwa. *d, t, ḍ, ṭ, dj,* lan manèh aksara *ti,* lan *s,* jèn wanda oeroeté aksara *ti, dj, s, dy,* lan *ty,* kaja ta:

doemoek-'ndoemoek,
tantang-nantang,
ḍalang-'nḍalang,
toeṭoek-noeṭoek,

Pènget.

Temboeng djamboran woetoeh, oetawa temboeng dwilingga, oeninė manoet lingganė ḍéwé-ḍéwé, kaja ta: *baja-wara, oera-oera, lima-lima.*

b. Swara **a** kang roeboeh:

1. *pang, tjahja, sastra.* (Jèn dadi wanda sigeg).
2. *samar, awèt, taboeh.* (Jèn dadi wanda menga sangarepé wanda wekasan, semono ikoe jèn wandané wekasan sigeg).
3. *krai, watoe, paré, ajo, samja, kaswa.* (Jèn dadi wanda menga sangarepé wanda wekasan, jèn wandané wekasan menga kanṭi: *i, é, oe, o, ja, wa.*
4. *sanegara, kagawa, asoeka* (Jèn dadi ater-ater kang ditoenggalaké ing temboeng).

Pènget.

Beboekaning temboeng teloeng wanda oeninė ana ng patjelaṭon, akèh kang kanṭi *e*, kaja ta:

nagara, ka-oenèkaké *negara*,
balandja, „ *belandja* (*blandja*).

Mengkono oega ater-ater ana kang di-oenèkaké kaja dėné mawa *e*, kaja ta:

sapoeloeh loemrahé ka-oenèkaké *sepoeloeh*,
pasoembang „ „ *pesoembang*,
satali „ „ *setali*.

Kang ikoe prajoga katoelis manoet paketjapané baé, kaja dėné kang kaseboet ing pa-oegerané swara *e*.

e. Kaoenèkaké serana tjangkem menga, abab kapadalaké ing tjeṭak rada nengen, kaja ta: *ésoek, pépé, lélé.*

Dėné swara **e** ana rong roepa, djedjeg lan roeboeh *é* djedjeg, *è* = roeboeh.

a. Kang djedjeg: **é** kaja ta:

1. *é, pé, lé, djambé, miré, saré, réwanda, kémawon.*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(Jèn wanda menga beboekané temboeng neloeng wanda, oetawa ing wekasan, toewin ing temboeng sewanda).

2. *séda, nétra, sédjé, pélo, ménda, séndé, kéndo, néndra.* (Ing wanda menga oetawa ing wanda sigeg ing aksara iroeng: *n, m, ng*, sangarepé wanda wekasan, semono ikoe jèn wandané wekasan menga tanpa: *i* oetawa *oe*).

3. *éram, kéwan, éndah, éndjing, géndong.* (Toemrap ing wanda menga oetawa wanda sigeg ing aksara iroeng: *n, m, ng*, sangarepé wanda wekasan kang sigeg, sarta tanpa swara *é* oetawa *oe*).

4. *goléka, golékan, soewéka, soewékan.* (Ing wanda wekasan kang sigeg sarta olèh panambang *a* oetawa *an*).

5. *anggéréda, gérédan, 'nggéndénga, géndéngan.* (Toemrap ing wanda menga oetawa wanda sigeg ing aksara iroeng: *n, m, ng*, sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan sigeg, sarta karaketan ing swara: *é* lan olèh panambang *a* oetawa *an*).

b. Kang roeboeh **è**, kaja ta:

1. *èh, jèn, pèk, radèn, sarèh, pamèr.* (Toemrap ing temboeng sewanda, oetawa wanda wekasan kang sigeg).

2. *mèri, kèdjoe, èstri, lèrèn, èstoe, kèrem, èmpèr, kèndel,* (Toemrap ing wanda lekasan, lan sangarepé wanda lekasan, semono ikoe jèn wandané wekasan menga sarta kanṭi *i, oe* oetawa sigeg kanṭi *è* oetawa *é*),

e. Ka-oenèkaké serana tjangkem menga sawetara, abab kawetokaké ing tengahing gorokan rada mengisor, kaja ta: *emas, legi, peteng.*

K a t e r a n g a n.

Ana oega wong kang nganggo *ĕ* = *e*; kang mengkono ikoe tanpa goena, sabab *é* lan *è* wis paḍa ditengeri; dadi liané ikoe swara pepet. Apa manèh sing akèh jaikoe pepeté.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

i. Ka-oenèkaké serana tjangkem menga saṭiṭik, abab kapantogak ing tjeṭaké, kaja ta:

ikoe, pari, sikara, ki.

Déné swara *i* ia ana rong roepa *djedjeg* lan *roeboeh.*

a. kang djedjeg kaja ta:

1. *pari, wali.* (Toemrap ing wanda menga).
2. *limpa, singgela.* (Toemrap wanda sigeg ing aksara iroeng: *n, m, ng*).
3. *maliki, waliki, walikan, waliken.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg, nanging bandjoer oléh panambang *a, i, é, an, en*).

b. kang roeboeh kaja ta:

e. *ping, ting.* (Toemrap ing temboeng sewanda kang sigeg).

2. *salin.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg).

3. *priksa.* (Toemrap ing wanda sigeg saliané wanda wekasan; semono ikoe jèn sesigegé doedoe aksara *n, m, ng*).

oe. Ka-oenèkaké serana tjangkem menga, abab kapantogaké ing tjeṭak, lambé rada metjoetjoe, kaja ta *oela, oega, koela.*

Déné swara *oe* ana rong roepa: *djedjeg* lan *roeboeh.*

a. kang djedjeg kaja ta:

1. *padoe, poenika, roe.* (Toemrap ing wanda menga):
2. *toenḍa, koendjara, poenton.* (Toemrap wanda sigeg ing aksara: *n, m, ng.*)
3. *naboeha, noeroeti, gendoelé, gandoelan, tekoeken.* (Toemrap wanda wekasan kang sigeg, nanging bandjoer olèh panambang: *a, i, an* oetawa *en*).

b. kang roeboeh kaja ta:

1. *poen.* (Toemrap ing temboeng sewanda kang sigeg).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. *koekoeh.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg).

3. *koersi.* (Toemrap ing wanda sigeg saliané wanda wekasan; semono ikoe jèn sigegé doedoe aksara iroeng: *n*, *m*, *ng*).

o. Ka-oenèkaké serana tjangkem menga, swara katandoekaké ing tjeṭak rada madjoe lan manḍoewoer sawetara, kaja ta:

loro, *toko.*

Déné swara *o* ana rong roepa, jaikoe *djedjeg* lan *roeboeh.*

a. kang djedjeg kaja ta:

1. *lo*, *so.* (Ing temboeng sewanda kang menga).

2. *karo*, *biḍo*, *polo.* (Toemrap ing wanda wekasan kang menga).

3. *korawa*, *lotjita.* (Toemrap ing wanda menga, beboekané temboeng neloeng wanda).

4. *pola*, *kroḍa toré*, *kono.* (Toemrap ing wanda menga, sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan menga tanpa swara *i*, oetawa *oe*).

5. *ngombé*, *bongko.* (Toemrap wanda sigeg ing aksara iroeng: *n*, *m*, *ng*, sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan menga sarta kanṭi: *é* oetawa *o*)

6. *solah*, *kopjah*, *osik*, *komoek*, *olèh*, *kondang*, *tjongkrah*, *krompjang*, *kontit*, *kondjoek*, *ontjèk.* (Toemrap wanda menga oetawa sigeg ing aksara iroeng: *n*, *m*, *ng*, sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan sigeg, tanpa *o* oetawa *e*).

7. *njangkoka*, *tjangkokan.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg, sarta dipanambangi *a* oetawa *an*)

8 *ambongkoka*, *bongkokan.* (Toemrap ing wanda menga oetawa sigeg ing aksara iroeng: *n*, *m*, *ng*, sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan sigeg sarta kanṭi *o* bandjoer dipanambangi *a* oetawa *an*).

PERPUSTAKAAN NASIONAL

b. kang roeboeh kaja ta:

1. *lor, loh, dom.* (Toemrap ing temboeng sewanda kang sigeg).

2. *takon, pamor, atos.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg).

3. *kori, boloe, kongsi, pradondi.* (Toemrap ing wanda menga oetawa sigeg sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan menga sarta kanṭi *i* oetawa *oe*).

4. *londjong, bombong, porong, lobong.* (Toemrap ing wanda menga oetawa sigeg sangarepé wanda wekasan; semono ikoe jèn wandané wekasan sigeg kanṭi *o*).

Kang njebal: *domba* sarta *pompa*, sabab asal temboeng mantja.

5. *njangkoki, njangkokaké, njangkokana, tjangkoken.* (Toemrap ing wanda wekasan kang sigeg; semono ikoe jèn wandané bandjoer dipanambangi saliané *a* oetawa *an*).

BAB AKṢARA.

Moenggoeh aksara ikoe ora andoewèni oeni ḍéwé, bisané doewé oeni menawa karaketan ing swara *a, é, e, i, oe, o.*

b. *baboe, wadjib, sebab.*

d. *doedoe, reged, dadi, wedi.*

ḍ *ḍaḍoe, ḍoeḍa, goeḍé.*

dj. *djamoe, adja, madjoe*

dy: doedoe aksara ḍéwé. Kaseboet ing kéné soepaja ora djoemboeh karo *dj*, kaja ta: *nedya, sedya*, doedoe *nedja, sedja.*

g. *gaga, gloeḍoeg, bleḍèg.*

h. *saha, toehoe, pohoeng, hawa.*

Katrangan.

Swarané *h* ikoe kanṭi abab akèh:

1. Ing paketjapané temboeng mantja sawetara, kaja ta: *hawa, hikmat.*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Jèn *h* ana sa-antarané swara kang paḍa oetawa noenggal, kaja ta: *taha, dèhèm, toehoe, loehoer.*

3. Kedjaba saka ikoe, isih ana temboeng sawetara kang swarané *h* ka-oenèkaké kanṭi abab akéh, kaja ta: *hara, hoes* (temboeng kaja pangoendang); *tjohoeng* (tetironé oenining kéwan).

4. swara *h* kanṭi abab manda-manda, jèn dadi poengkasané temboeng, kaja ta *boengah, tengah, poeloeh.*

j. *jasa, boejoet, kaja; j* ora di-anggo jèn kaḍisikan swara *i* oetawa *é*, sarta ora ngarepaké swara *i* oetawa *é* (*è*), kaja ta:

lija beneré *lia.*
sampéjan „ *sampéan.*
bijoeng „ *bioeng.*
kéjong „ *kéong.*
Ananging: *kijé, keprijé, bijèn, roemijin.*

k. *kaja, tjagak.*

Katrangan.

Aksara *k* ikoe jèn dadi sesigeging wanda, kang akèh swarané ora tjeṭa, ananging ana oega kang tjeṭa, jaikoe:

1. kabèh temboeng mantja, kaja ta: *soektji* (Sanskrit) *Oktober* (Welanda), *paksa, roekma*, (Sanskrit).

2. Jèn dadi sesigeging wanda kang kanṭi *e*, kaja ta: *watek, ambekan, bekta.*

3. Jèn doemoenoeng ing temboeng kang tegesé nirokaké oeni oetawa swara, kaja ta:

a. *petok-petok* (oeninė pitik).

b. *ṭik-ṭik.* (oeninė manoek oetawa barang benṭik),

Temboeng 'Arab kang kanggo ing basa Djawa, oeninė akèh kang ora netepi oeger maoe, kaja ta:

moekmin, swarané *k* ora tjeṭa, awit asal saka ء (hamzah) = مؤمن

tatab dadi *tratab* oetawa *teratab,*
gamblèh „ *gramblèh* „ *geramblèh,*
gereng „ *glereng* „ *gelereng,*
gebjar „ *glebjar* „ *gelebjar.*

Temboeng kang apoerwa *r* lan *l*, jèn olèh seselan *er, el*, terkadang aksara poerwa dadi *k*, kaja ta:

rintik dadi *kerintik=krintik,*
lirik „ *kelirik=klirik.*

Bab panambang.

An. Jèn toemrap ing temboeng kang wandané wekasan sigeg, panambang maoe kawoewoehaké baé, kaja ta:

tatah + *an* = *tatahan.*
kongkon + *an* = *kongkonan.*

Jèn toemrap ing temboeng kang wandané ing wekasan menga, poerwaning panambang loemrah loeloeh dadi sidji karo wanda wekasan maoe, déné jèn wandané wekasan maoe kanti *i* dadi *é* jèn *oe* dadi *o*, kaja ta:

rata + *an* = *ratan,*
kali + *an* = *kalèn,*
liroe + *an* = *liron.*

Ana temboeng sawetara kang wandané wekasan menga njebal saka oeger kang kaseboet maoe, panambang *an* ikoe ora loeloeh, kaja ta:

tami + *an* = *tamian,*
gawé + *an* = *gawéan,*
tamoe + *an* = *tamoean,*
djago + *an* = *djagoan.*

Ana manèh temboeng sawetara kang wandané wekasan menga oetawa kanti *i, é, o, oe*, jèn kabener olèh panambang *an* koedoe kasigegaké aksara *k* disik, kajata:

dèwé + *an* = *dèwékan.*

é (-ipoen) Jèn toemrap ing temboeng, kang wandané wekasan sigeg, panambang maoe kawoewoehaké baé kaja ta:

taboeh -taboehé -taboehipoen,
babad-babadé-babadipoen,
patjar-patjaré-patjaripoen.

Jèn toemraping temboeng, kang wandané wekasan menga, oah dadi *né*, oetawa *nipoen*, kaja ta:
tjara-tjarané-tjaranipoen,
legi-leginé-leginipoen,
pakoe-pakoené-pakoenipoen.

Ana temboeng sawetara kang wandané wekasan menga, jèn arep dipanambangi *é* koedoe kasigegaké ing aksara *k* (isik, kaja ta:
doewé-doewèké,
darbé-darbèké.

a. Panambang *a* maoe kawoewoehaké baé kaja ta:
pinter-pintera,
salat-salata,
pada-padaha
tata-tataha,
tangi-tangia,
doewé-doewéa,
djago-djagoa,
toekoe-toekoea.

en. Jèn soemamboeng ing wanda sigeg kawoewoehaké baé, kaja ta:
patjar-patjaren,
djoepoek-djoepoeken,
kringet-kringeten.

Jèn toemrap ing temboeng kang wandané wekasan menga *en* dadi *nen*, kaja ta:
gawa-gawanen.
tari-tarinen

i, ana. Jèn sinamboengaké ing wanda sigeg, panambang *i, ana*, kawoewoehaké baé, nanging jèn sinamboengaké: ing wanda menga koedoe dipanambangi *an* (isik, kaja ta
'nggitik-'nggitiki-'nggitikana,
metoe-metoni-metonana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

mati-mateni-matènana.

aké, aken. Loro-loroné, jèn soemamboeng ing wanda sigeg, trapé paḍa baé karo saroepaning panambang kang apoerwa *a*, kang woes paḍa kaseboet ingarep.

Déné jèn kanggo anambangi wanda menga, wanda ikoe kasigegaké *k* (ḍisik bandjoer dipanambangi *aké* oetawa *aken;* jèn wanda maoe kanṭi *i* oetawa *oe*, bandjoer liniroe ing *è* oetawa *o*, kaja ta:

'ndjala dadi *'ndjalakaké,*
'mbaṭi » *'mbaṭèkaké,*
niroe » *nirokaké,*

Ana temboeng sawetara kang sigeg ing *n*, jèn dipanambangi aké *n* ikoe liniroe ing *k*, kaja ta:

'ndjadjan dadi *'ndjadjakaké,*
ngelan „ *ngelakaké.*

na, né. Panambang *na* lan *né*, jèn rinaketaké ing wanda sigeg, panggah baé.

Déné jèn soemamboeng ing wanda menga, oetawa ing temboeng sawetara kang wandané wekasan sigeg *n* wandané kang arep dipanambangi koedoe disigegaké ing *k* (ḍisik, kaja ta:

djoepoekna (djoepoek),
gawakna (gawa),
djadjakna (djadjan),
takdjoepoekné (djoepoek),
takgawakné (gawa),
takdjadjakné (djadjan).

BAB RIMBAG DWI-POERWA.

Temboeng dwi-poerwa ikoe poerwaning lingga prajoga ka-oenèkaké lan katoelis kanṭi *e*, kaja ta:

sasanga oeniné lan panoelisé *sesanga,*
titiang „ „ „ *tetiang,*
toetoekoe „ „ „ *tetoekoe,*
mamangsa „ „ „ *memangsa,*
wawarta „ „ „ *wewarta,*

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB TEMBOENG AMANTJA.

Temboeng amantja kang wis loemrah kanggo ing basa Djawa katoelisa manoet paketjapané wong Djawa kaja ta:

bangkoe, sekolah, potlod, kamar, lampoe, trèm, setrika, halte, (saka basa Welanda).

Senèn, Slasa, Rebo, sangat, kabar, kalipah, djakat, saréngat (saka basa 'Arab),

tèhkoh, tael, tengkoewèh (saka basa Tjina).

Déné temboeng amantja kang oega kasrambah, nanging doeroeng pati terang, prajoga katoelis manoet édjané déwé (mantja) sarta kena oega katoelis manoet paketjapané wong Djawa, kaja ta:

Resident, controleur, inspecteur, kena oega katoelis: *residèn, kontrolir, sepèktoer.*

Woesana temboeng amantja sing arang di-enggo ing temboeng Djawa katoelis manoet édjané loegoe, temboeng Welanda ia tjara Welanda, temboeng 'Arab ia tjara 'Arab, kaja déné kang kaseboet ing lajang Logat Melajoe anggitané padoeka toean Prof. Ch. A. van Ophuijsen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

AURI 19

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA